



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 44 MILYON DOLA KI POTE
TRANSFÒMASYON NAN ENSTITI POLITEKNIK SUNY**

Kredi a ap finance ekspansyon paviyon Syans Sante a, modènize laboratwa syans enfimye a, epi kreye laboratwa tretman semi-kondiktè a ak laboratwa wobotik ak fabrikasyon avanse a

Apiye investisman istorik Gouvènè Hochul la nan SUNY ak nan Mohawk Valley

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn kominote Enstiti Politeknik SUNY ak Rektè SUNY an John B. King, Jr. jodi a pou anonse yon investisman 44 milyon dola Eta a nan inivèsite a, k ap elaji paviyon syans sante aktyèl li a epi modènize laboratwa syans enfimye a nan Donovan Hall, epi kreye yon laboratwa tretman semi-kondiktè pou devlopman mendèv, ak yon laboratwa rechèch ak edikasyon nan wobotik ak manifakti avanse. Nan yon wout pou vini premye lekòl politeknik piblik Eta a ak peyi a, nouvo investisman sa kontinye evolisyon Politeknik SUNY an pou vin yon lidè nan STEM ak nan syans sante.

"Investisman sa se yon lòt etap an mas pou konstui pi bon enstitisyon edikasyon piblik nan peyi a epi semante wòl lidèchip New York la nan endistri fabrikasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk investisman enpòtan sa yo, etidyan yo ka resevwa yon edikasyon abòdab epi dekalite nan SUNY, devlope endistri fabrikasyon New York la, epi konstui yon avni briyan pou tèt yo ak pou Eta New York."

Investisman 44 milyon dola nan Politeknik SUNY an te rive posib pa kapital soutyen SUNY te resevwa nan bidjè Eta a te adopte a epi k ap sèvi kòm yon etap krisyal pou tabli Politeknik SUNY an kòm premye enstiti politeknik nan peyi a. Repatisyon 44 milyon dola a se konsa:

- **Ekspansyon Paviyon Syans Sante a:** Pwojè sa tabli Sant Inovasyon nan Swen Sante a – yon sant kolaboratif pou abòde ogmantasyon bezwen sante mantal, sante fizik, ak sante anviwònmantal yo. Sant lan ap fasilite efò antreprenaryal yo nan domèn sante a; fè pwomosyon rechèch plizyè disiplin, pratik klinik, ak pwogram devlopman; ranfòse opòtinite aprantisaj aplike pou etidyan yo; epi kiltive patenarya ak inisyativ kominotè yo.

- **Nouvo laboratwa tretman semi-kondiktè:** Konpayi tankou Micron, Wolfspeed, Semikron-Danfoss, Indium Corporation, ak Global Foundries ap envesti, konstui epi elaji, sa ki lakoz kreyasyon djòb ak yon bezwen ki koresponn pou plis anplwaye. Envestisman ak kreyasyon laboratwa tretman semi-kondikte 3,000 pye kare sa ap bay plis etidyan yon edikasyon inivèsite wobis ki konsantre sou STEM ak fabrikasyon semi-kondiktè, rechèch, ak devlopman.
- **Modènizasyon laboratwa syans enfimye:** Ekspansyon vital sa, k ap akomode 12 estasyon klinik ak mánken ak similatè modèn, k ap pèmèt fakilte nan Syans Sante Inivèsite a itilize ekipman ak similasyon modèn. Pa konsekan, etidyan yo ap kapab devlope efikasan konpetans pwofesyonèl yo bezwen pou vin tounen pwofesyonèl swen sante konpetan epi efikas.
- **Nouvo laboratwa rechèch ak edikasyon nan wobotik ak fabrikasyon avanse:** Laboratwa sa ap ouvri opòtinite edikatif ak rechèch alafwa nan domèn ki enkli wobotik, detektè ak kontwòl, fabrikasyon entelijan, inisyativ Endistri 4.0 epi kreye yon koneksyon entegre ak Entelijans Atifisyèl pou TOUT etablisman Politeknik SUNY. Etablisman modèn lan ap pèmèt fakilte a devlope aktivite yo nan bousdetid ak rechèch patwone, ak modil nan pwogram lan, epi bay mikwo-diplòm sètifika ki gen kredi pou etidyan yo. L ap founi opòtinite edikasyon kontini ak pwofesyonèl tou (continuing and professional education, CPE) pou pèfeksyonman mendèv nan Mohawk Valley.

Yo te rann fon yo posib atravè Fon Konstriksyon Kapital Inivèsite Eta New York (State University of New York Capital Construction Funds), Bidjè Eta a ak kredi Manm Asanble Eta a, Marianne Buttenschon te sekirize.

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Enstiti Politeknik SUNY se yon lidè nan aprantisaj, rechèch ak inovasyon ak yon pati enpòtan nan Mohawk Valley. Envestisman sa nan finansman eta a ap abouti sou nouvo konstriksyon ak ekspansyon bilding ki egziste yo ak resous siplemantè ak plis opòtinite sou kanpis la k ap ede devlope epi ranfòse inivèsite a pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Mwen tèlman rekonesan epi onore dèske mwen te patisipe pou sekirize finansman istorik sa pou kanpis Politeknik SUNY an nan Mohawk Valley. Mwen kwè fèman nan enstitisyon sa ak travay enkwayab yo pwodui, epi mwen pa ka tann pou wè kijan envestisman sa yo ap benefisye yo pou ane k ap vini yo. Mwen vle remèsye kòlèg mwen yo nan lejislati a, ansanm ak Gouvènè Hochul, dèske li pèmèt mwen pouse alokasyon sa, epi kwè nan efò sa yo. Envestisman sa yo nan Politeknik SUNY ap asire ke li kontinye yon inivèsite politeknik premye plan nan peyi a, epi mwen enpasyon pou wè kwasans ke l ap reyalize."

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr, te deklare, "Nou te toujou konnen nan ki pwen Politeknik SUNY an se yon atou esansyèl, pa sèlman pou Konte

Oneida, men pou rejyon an ann antye. Se poutèt sa nou te goumen tèlman di pou kenbe estati li kòm premye enstiti politeknik nan rejyon Nòdès la epi nou te kontinye fè investisman nan tout domèn li sipòte yo. Konte Oneida te tounen yon sant pou tretman semi-kondiktè ak fabrikasyon avanse epi investisman sa pa Eta New York ap ede nou anpil nan pakou reyisit sa epi ranfòse avni swen sante a tou."

Rektè SUNY an John King, te deklare, "Sa se yon angajman ekstraòdinè Gouvènè Hochul pou Politeknik SUNY an ak pou Mohawk Valley. Finansman an ap ede re-etabli Eta New York antanke yon sant fabrikasyon lè li konstui yon rezo mendèv, pandan l ap prepare etidyan Politeknik SUNY yo pou siksè nan katyè fabrikasyon, ki enkli domèn semi-kondiktè. Sa ogmante kapasite nou tou pou edike plis pwofesyonèl swen sante pou reponn ak bezwen k ap ogmante a, epi ede etabli Politeknik SUNY an kòm premye enstiti politeknik nan peyi a. Remèsiman mwen bay Gouvènè a ak lejislatè nou yo pou sipò konplè yo."

Prezidan Politeknik SUNY an Doktè Winston Soboyejo te deklare, "Politeknik SUNY an rekonesan nan fason ki enkwayab pou investisman nan enstitisyon nou an, ansanm ak sipò ak defans kontini Gouvènè Kathy Hochul, Rektè SUNY an John B. King Jr., ak Manm asanble Buttenschon. Nan moman kwasans ekstraòdinè nan Mohawk Valley, avanse nan enfrastrikti kapital sa yo ki rive posib gras ak investisman sa, ap pèmèt nou sèvi etidyan nou yo pi byen, kreye plis pakou pou kolaborasyon ak patnè sektè ak kominotè yo, epi tou pou kontinye reponn ak bezwen devlopman mendèv ak pèfeksyonman sektè a nan Eta New York ak lòt kote."

Prezidan Konsèy Inivèsité a RoAnn Destito te deklare, "Lavni an briyan nan Politeknik SUNY. Investisman sa se yon lòt egzanp ankò de sipò ekstraòdinè Politeknik SUNY an te resevwa nan SUNY, fonksyonèl eli nou yo ak Gouvènè Kathy Hochul. Anplis, se yon refleksyon konfyans yo ak kwayans pataje nou nan pozisyon Politeknik SUNY an antanke yon lidè akademik inovan ak motè ekonomik nan rejyon sa ak nan tout eta a."

Nouvo investisman Eta sa a apiye investisman 72 milyon dola e plis nan renovasyon yo ki deja nan devlopman sou kanpis Politeknik SUNY an. Amelyorasyon sa yo genyen ladan yo 45 milyon dola nan renovasyon nan Sant Kanpis la k ap founi yon nouvo suit lavi rezidansyèl ki sitiye nan nivo santral, vestyè atletik ki renove, biwo, espas rankont ak klas, anplis aksè amelyore nan ADA ak rediksyon emisyon kabòn yo; rekonstriksyon Teknoloji ak Drive Rezidansyèl (5 milyon dola); ak renovasyon Kunsela ak Donovan Halls (22 milyon dola) pou ranfòse pwogram STEM yo pi plis. Sa ki pi resan yo ap obsève kreyasyon Paviyon Enjenyeri ak Teknoloji Francis A. Wilcox nan Kunsela Hall, anplis yon nouvo Sant Ekriti ak Kominikasyon STEM ak espas Estidyo Medya Entèraktif ak Konsepsyon Jwèt (Interactive Media and Game Design, IMGD).

Investisman istorik nan fabrikasyon avanse yo ak Mohawk Valley

Anons jodi a apiye investisman enpòtan nan fabrikasyon avanse nan Mohawk Valley. Nan kòmansman ane sa, Gouvènè Hochul te anonse yon investisman 14 milyon dola nan Konte Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Oneida atravè pwogram sibvansyon Pis

ki Konsantre sou Atraksyon ki Pare pou Demare Eta New York (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts, FAST NY). Marcy NanoCenter a founi yon sit vyèj ki konplètman otorize, pare pou demare sou kanpis ki deja etabli. Yo te rezève yon zòn pou konstwi yon kanpis chèn apwovizyonman pou semi-kondiktè, ki gen gwo demann akòz faktori Wolfspeed lan ki etabli ak etablisman Micron ki fèk anonse yo, epi sa ap sèvi konpayi wot teknoloji reyonal epi ki sou plas. Finansman FAST NY la ap kontinye amenaje sit la epi sipòte travay preparasyon, fouy ak enfrastrikti sèvis piblik.

Anplis, Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development, OSWD) la te envesti 976,000 dola nan pwogram fòmasyon Rapid Kolèj Kominotè Mohawk Valley a (Mohawk Valley Community College, MVCC), ki fèt pou ede jèn adilt ki pa ta kapab soti nan povrete otreman yo pou sekirize fòmasyon rapid ki ka mete yo nan yon bon karyè apre mwens pase yon lane fòmasyon. OSWD te envesti tou plis pase 996,000 dola nan Sant Jesyon ak Fòmasyon Callahan (Callahan Management Training Center) ak Asosyasyon Fabrikan New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York), yon pwogram ki bay fòmasyon anvan staj ak sèvis konplè pou fanm k ap chèche pouswiv karyè nan fabrikasyon.

Nan kòmansman ane sa, Gouvènè Hochul te anonse achèvman Wynn Hospital nan anba lavil Utica, ki finanse pasyèlman atravè 300 milyon dola sibvansyon ki soti nan Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la. Lopital dènye kri ki fèk fini, ki te nesèsè anpil la ap pote plis swen medikal modèn epi ki aksesib nan Utica ak kominote ki alantou yo lè li sipòte swen 90,000 konsiltasyon chak ane.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418